# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PREZIDENTI ShAVKAT MIRZIYOEVTIŃ ÓZBEKSTAN JASLARÍ FORUMÍNDA ShÍǴÍP SÓYLEGEN SÓZI

Image not found or type unknown

Húrmetli forum qatnasıwshıları!
Qádirli jaslar!
Cizler menen búgin mámleketimizde birinshi márte ótkerilip atırǵan Ózbekstan jasları forumında ushırasıp turǵanımnan oǵada quwanıshlıman.
Bul sawlatlı zalda toplanǵan, sonday-aq, qala hám rayonlardaǵı studiyalarda otırǵan belsendi hám intaker ul-qızlarımızdı, pútkil mámleketimiz jasların búgingi ánjuman menen qızǵın qutlıqlayman.
Men hár saparı jaslarımız benen ushırasqanımda, sizlerdiń ǵayrat-mártligińizden kúsh-quwat alaman, kewlim tawday kóteriledi. Hár birińiz janajan Watanımız hám xalqımızǵa sadıqlıq penen xızmet etiw ármanı menen janıp jasap atırǵanıńızdı jaqsı bilemen. Sizlerdi Ózbekstannıń eń úlken baylıǵı, biybaha ǵáziynesi sıpatında joqarı qádirleymen.
Biz elimizde qanday reformalarǵa qol urmayıq, eń dáslep, siz sıyaqlı jaslarǵa, sizlerdiń kúsh-ǵayratıńız hám mártligińizge súyenemiz.
Bársheńiz jaqsı bilesiz, biz búgin óz aldımızǵa úlken sheklerdi qoyǵanbız. Ana-Watanımızda úshinshi Renessans tiykarın jaratıwǵa kiristik.
Biz shańaraq, mektepke shekemgi bilimlendiriw, mektep hám joqarı bilimlendiriwdi jáne ilimiy-mádeniy dárgaylardı bolajaq Renessanstıń eń áhmiyetli buwınları dep esaplaymız. Sol sebepli, bul tarawlarda túpkilikli reformalardı izbe-iz ámelge asırmaqtamız.
Mámleketimiz rawajlanıwınıń jańa tiykarın jaratıwda sizler sıyaqlı pidayı hám watansúyiwshi jaslarımız belsene qatnasıp, múnásip úles qosadı, dep isenemen.
Bársheńizge belgili, búgin dúnya tezlik penen ózgermekte. Hár kúni, jańadan-jańa mashqala hám wazıypalar payda bolmaqta. Ásirese, juwmaqlanıp atırǵan jılımız insaniyat ushın júdá awır hám sınaqlı keldi. Koronavirus pandemiyasınan millionlap adamlar jábir shekti.
Usınday qıyın dáwirde márt hám pidayı jaslarımızdıń aldıńǵı qatarlarda turǵanına hámmemiz gúwa boldıq.
El basına is túskende, jaslarımız, kerek bolsa, áziz janların girewge qoyıp, xalqımızdıń dártine dárman boldı. Sizlerdiń zamanlaslarıńız úyme-úy júrip, karantin dáwirinde

qıynalǵan shańaraqlarǵa ámeliy járdem berdi. Ásirese, «Saqawat hám kómek» ulıwmaxalıqlıq háreketinde mıńlaǵan ul-qızlarımız ıqtıyarlı sıpatında jumıs alıp barǵanın búgin ayrıqsha atap ótpekshimen.

Júreginde jaqsılıq hám mehir-múriwbet sezimleri tolıp-tasqan mine usınday jaslarımızǵa, olarǵa tálim-tárbiya bergen ata-anaları hám ustazlarına búgin jáne bir ret shın kewilden minnetdarshılıq bildiremen.

Áziz perzentlerim!

Xabarıńız bar, jaqında jaslar menen islesiw boyınsha Tashkent qalası úlgisi jaratıldı. Bul tájiriybe sheńberinde paytaxtımızda ótkerilgen «Jaslar aylıǵı»nda ul-qızlarımızdıń mashqalaları, usınıs hám tilekleri máhálle kesiminde úyrenildi. Olardıń sheshimleri boyınsha mánzilli baǵdarlamalar islep shıǵıldı.

Bul iygilikli baslama mámleketimiz boylap keń qanat jaydı. Sonday -aq, barlıq qala hám rayonlarda Jaslar festivalları bolıp ótti. Kópshiligińiz bul ilajlar sheńberinde qatar ministrler, hákimler, bankirler hám basqa da qánigeler menen ashıq pikirlestińiz.

Men de bul processlerdi televidenie arqalı hár kúni baqlap bardım. Jaslarımızdıń aktual máselelerdi isenimli kóterip shıǵıwı, baslamaları hám ǵayratı maǵan júdá maqul boldı. Dúnyatanımı keń, jankúyer, aldıńǵı pikirli perzentlerimizdiń kópligin kórip, tuwrısı, oǵada quwandım.

Endi biz Tashkent qalası tájiriybesin pútkil mámleket boylap keńnen engizemiz. Bul baǵdarda Tashkent, Qashqadárya hám Xorezm wálayatlarında álleqashan ámeliy jumıslar baslap jiberilgen.

Jaslarǵa baylanıslı siyasatımızdı nátiyjeli ámelge asırıw, olardıń sociallıq mashqalaların sistemalı úyreniw hám muwapıqlastırıw wazıypası tiyisli shólkemlerge júklendi.

Bunnan bılay wálayat, rayon hám qala hákimleri, ministrler hám basqa da juwapker basshılar orınlarda jaslar menen ushırasıwlardı turaqlı ráwishte shólkemlestirip baradı.

Hákimler hám sektor basshıları jaslardıń mashqalaların sheshiwge qaratılǵan ámeliy «jol kartaları»n islep shıǵıp, orınlanıwın támiyinleydi. Bul másele boyınsha hár 6 ayda jergilikli keńeslerge esap beredi hám kelesi yarım jıllıq ushın anıq rejelerdi belgilep aladı.

Sawda-sanaat palatası Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrligi menen birgelikte «Jaslar: 1+1» baǵdarlaması sheńberinde palatanıń aymaqlıq oqıw oraylarında jámlespegen hám jumıssız jaslardı kásip-óner hám isbilermenlikke oqıtıwdı shólkemlestiredi.

Kúni keshe Sawda-sanaat palatasınıń májilisinde «Hár bir isbilermen ¬ jaslarǵa mádatkar» principi tiykarında 1 isbilermenge 1 jumıssız jastı biriktiriw boyınsha qayırlı baslama járiyalandı. Bul baslama kóplegen isbilermenlerimiz tárepinen qızǵın qollap-quwatlandı.

Kelesi jılda keminde 500 mıń jasqa jumıs ornın jaratıwı múmkin bolǵan bul háreketti biz de álbette, maqullaymız.

«Ónerli adam qor bolmaydı», deydi xalqımız. Biraq, keyingi waqıtlarda perzentlerimizdiń

usta ónermentler qolında kásip-óner úyreniwine jeterli itibar bermey qoydıq. Sonıń menen birge, ustaz kórgen ul-qızlarımız ustazına múnásip bolıwǵa umtıladı, turmısta olardıń járdemi menen óz ornın tabadı. Sonlıqtan, aymaqlarda «ustaz-shákirt» dástúrin jáne de kúsheytsek, nur ústine aǵla nur boladı, dep oylayman.
Bul qayırlı iske tartılatuǵın ónerment ustalardı Bántlikke kómeklesiw qorınan materiallıq xoshametlew sisteması engiziledi. Bul áhmiyetli wazıypalardı orınlarda ámelge asırıw ushın Sawda-sanaat palatası, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleri jeke juwapker boladı.
Bársheńizge jaqsı málim, házirgi waqıtta elimizde erkin ekonomikalıq hám kishi sanaat zonaların tez rawajlandırıw boyınsha jeterli tájiriybe toplandı. Endi, arttırǵan tájiriybemiz tiykarında respublikamızdıń barlıq qala hám rayonlarında «Jaslar kishi sanaat zonaları» shólkemlestiriledi. Bul sanaat zonalarında jaslardıń joybarların ámelge asırıwǵa kómeklesiw ushın zárúr bolatuǵın barlıq infrastruktura obektleri jaylastırıladı.
Kommerciyalıq banklerdiń aymaqlarda jumıs baslaǵan «Joybarlar fabrika»ları jaslarımızdıń aldıńǵı ideyaları tiykarında joybarlıq usınıs hám biznes rejelarin tayarlap beredi.
Jaslar joybarların qarjılandırıw ushın Investiciyalar hám sırtqı sawda ministrligi janında ayrıqsha qor shólkemlestirilip, bul qorǵa 100 million dollar qarjı ajıratıladı. Bul qor jaslardıń joybarlarına qolaylı shártlerde hám tómen procentlerde kredit beredi.
Bunnan tısqarı, kishi sanaat zonalarında óndirislik imaratlar qurılıp, jaslarǵa jeńillikli shártlerde ijara hám lizing tiykarında beriledi.
Orınlarda «Jaslar kishi sanaat zonaları»n shólkemlestiriw boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleri bir hápte múddette usınıs kirgizedi. Jaslar joybarların qollap-quwatlawda salıq hám basqa da jeńilliklerdi beriw boyınsha qarar qabıl etiledi.
Húrmetli májilis qatnasıwshıları!
Ornı kelgende aytıw kerek, jaslarımızdıń mashqalaların sistemalı sheshiw baǵdarında kóplep kemshilikler elege shekem saqlanıp qalmaqta.
Álbette, búgin óz zamanlaslarına ibrat bolıp atırǵan, jámiyettegi ózgerislerde belsene qatnasıp kiyatırǵan ǵayratlı jaslar júdá kóp. Lekin, turmısta óz ornın tabıwǵa qıynalıp atırǵan, joldan adasqan, járdemge mútáj jaslar da, tilekke qarsı, joq emes.
Sonıń ushın, Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi Jaslar isleri agentligi menen birge, jaslar, ásirese, olardıń jámlespegen qatlamı menen juwapkerler arasında tikkeley baylanıs ornatıwǵa xızmet etiwshi «Jaslar múrájatı» elektron platformasın jaratıwı kerek boladı.
Jaqında ótkerilgen sociallıq sorawlar kópshilik jaslarımızda unamlı motivaciya, biznes hám isbilermenlik tarawında zárúr bilim hám tájiriybe jetispeytuǵının kórsetti. Demek, olarǵa isbilermenlik tiykarların úyretiwge qaratılǵan jumıslarımızdı jáne de kúsheytiwimiz lazım. Sonı inabatqa alıp, «Mikrokreditbank» kásip-óner hám isbilermenlikke oqıp, sertifikat

alǵan jaslarǵa jeńillikli procentlerde mikrokreditler ajıratıw ilajların kórsin. Bunday kreditler 3 jıl jeńillikli dáwiri menen 7 jıl múddetke beriledi. Bank tárepinen bul maqsetler ushın kelesi jılda 45 million dollarlıq mikrokreditler ajıratıladı.
Sonday-aq, Shańaraqlıq isbilermenlikti rawajlandırıw baǵdarlaması arqalı hár bir wálayatqa jaslardıń isbilermenlik joybarları ushın 100 milliard sumnan kredit qarjıları qaratıladı.
Usı baǵdarlamalar arqalı jaslardıń biznes joybarlarınıń nátiyjeli ámelge asırılıwına orınlarda hákimler hám sektor basshıları jeke juwapker boladı.
Búgin ul-qızlarımızdı qıynap atırǵan úlken mashqalalardan biri ¬ oqıwdı tamamlaǵan jaslardıń bántligin támiyinlew bolıp tabıladı. Kóplegen mektep hám kolledj pitkeriwshileri, bazıda joqarı maǵlıwmatlı jigit-qızlar da jumıs tabıwda qıyınshılıqqa ushıramaqta.
Bizge belgili, usı jıldan Ándijan, Ferǵana hám Namangan wálayatlarında 7-11-klass oqıwshılarına mektepte tálim beriw menen birge, olardı kásipke úyretiw sisteması engizildi.
Oqıwshı 11-klassqa ótti me, ol rayon yaki qala hákimliginiń tikkeley qadaǵalawında bolıwı zárúr. Eger bala joqarı oqıw ornına kire almasa, jergilikli basshılar onı álbette, jumıs penen támiyinlewi shárt. Bunıń ushın jumıs beriwshiler jas qánigeni óz jámáátine qabıl etiwden mápdar bolıwı kerek.
Sol sebepli, Ministrler Kabinetine jumıs beriwshilerge jas kadrlardı isletken dáwiri ushın tiyisli jeńillikler beriw máselesin kórip shıǵıw wazıypası tapsırıladı.
Qádirli jaslar!
Sociallıq qorǵawǵa mútáj shańaraqlardıń perzentlerin qollap-quwatlaw, jas shańaraqlardı turaq jay menen támiyinlew de tiykarǵı wazıypalardan esaplanadı.
Ótken úsh jılda respublikamızda 5 mıńnan artıq jas shańaraqlar ushın arzan turaq jaylar qurıldı hám olarǵa 200 milliard sum muǵdarındaǵı baslanǵısh tólem pulları tólep berildi.
Mine, usınday iygilikli islerimizdiń logikalıq dawamı sıpatında, 2021-2023-jıllarda Jaslar úylerin qurıw baǵdarlaması ámelge asırıladı.
Húrmetli ul-qızlarım!
Xalqımız ázelden shańaraqtı muqaddes bilip, onı udayı qásterlep-saqlap keledi. Shańaraq qanshelli bekkem bolsa, jámiyet te sonshelli turaqlı boladı.
Bir nárseni umıtpawımız kerek: úylerimizdegi tınıshlıq-tatıwlıq, bárinen burın, shańaraqtaǵı salamat ortalıq, biyǵárez turmıs bosaǵasında turǵan qızlarımızdı shańaraqlıq turmısqa tayarlaw menen tikkeley baylanıslı.
Tilekke qarsı, bul áhmiyetli máselege nemquraydılıq hám itibarsızlıǵımız nátiyjesinde bıyılǵı jıldıń ótken 11 ayında jas shańaraqlar arasında 25 mıń ajırasıwlar dizimge alınǵan. Bul unamsız jaǵday bárshemizdi tereń tınıshsızlandırıwı hám qattı táshwishke salıwı kerek.
Aqırı, ózińiz oylań, 25 mıń ajırasıw ¬ eger hár bir shańaraqtıń keminde úsh aǵzası bolsa, bul ¬ 100 mıń adam ómiriniń zaya bolǵanı emes pe?! Bunıń aqıbetinde qanshadan-

qansha biygúná balalar tiri jetim bolıp qaladı. Qansha insannıń táǵdiri joldan shıǵıp, áwere-sergizdan boladı.
Nege mine usı shańaraqlardı saqlap qalıw ushın máhállede háreket etpedik, jaslarǵa tuwrı joldı kórsetpedik?
Men, búgingi imkaniyattan paydalanıp, keń jámiyetshilikke, aldı menen, kópti kórgen teberik nuranıylarımızǵa, aqıllı hám mehriban analarımızǵa múrájat etpekshimen. Bul awır máselede bizge járdem berińler, dep ótinish etemen.
Shańaraqlıq kelispewshiliklerdiń aldın alıw, ajırasıwlardı azaytıw baǵdarında siz, áziz jaslarımız da baslama hám belsendilik kórsetseńiz, men bársheńizden sheksiz minnetdar bolar edim.
Húrmetli ánjuman qatnasıwshıları!
Búgingi forum sizlerdiń keleshektegi maqset hám rejelerińizdi belgilep alıw ushın qolay bolǵan úlken imkaniyat.
Ullı babamız Muhammed Xorezmiydiń: «Sóz ¬ gúl, jumıs ¬ miywe», degen hikmetli sózleri bar. Búgin belgilep alatuǵın rejelerińiz qanshelli muqıyat bolsa, jumısıńız da sonshelli jaqsı nátiyje beredi, dep oylayman.
Sizler kóp kitap oqıǵan, bilimli áwlad wákilleri sıpatında jurtımız ótmishte jáhán civilizaciyası besiklerinen biri bolǵanın jaqsı bilesiz.
Siz ¬ Xorezmiyler, Ferǵaniyler, Beruniy hám Ibn Sinalar, Ulıǵbek, Nawayı hám Baburlar, Buxariyler hám Termiziyler áwladısız.
Mine usınday ullı watanlaslarımız jaratqan biybaha bilim hám ashılıwlar búgin de insaniyatqa sheksiz xızmet etpekte.
Usı jerde, enciklopedist alım Muhammed Xorezmiy tiykar salǵan ilim ¬ «algoritm»di eslewdiń ózi jetkilikli. Bul ullı insannıń úlken xızmetlerin pútkil insaniyat elege shekem minnetdarshılıq penen eslemekte. Onıń dúnyaǵa belgili ashılıwları búgingi málimleme texnologiyaların jaratıwda da bekkem tiykar bolmaqta.
Kúni keshe Ispaniyanıń Madrid qalasındaǵı Komplutense universitetinde alım babamızdıń esteligi ornatıldı. 500 jıllıq tariyxqa iye bul abıraylı universitet mámlekette birinshi orında turatuǵın joqarı oqıw ornı esaplanadı. Ullı babamızdıń esteligine kórsetilgen bunday úlken húrmetti biz házirgi waqıtta xalqımızǵa, onıń áyyemgi tariyxı hám bay ilimiy miyrasına kórsetilgen joqarı húrmet nıshanı sıpatında qabıl etemiz.
Pursattan paydalanıp, Ispaniya húkimetine, universitet basshılıǵı hám ilimiy jámáátine pútkil el-jurtımız hám jaslarımız atınan shın júrekten minnetdarshılıq bildiremen.
Ataqlı shayır Abdulla Aripovtıń jazǵanınday, Beruniy babamızdıń «aqıl shıraǵı» pútkil insaniyattı elege shekem hayran qaldırıp kiyatırǵanın siz, áziz jaslar jaqsı bilesiz, álbette.
Eń áhmiyetlisi, bul ullı alımlarımız ózleriniń dúnyaǵa belgili oylap tabıw hám ashılıwların siziń jasıńızda ¬ áyne kúshke tolǵan náwqıran payıtlarında ámelge asırǵan. Siz de ullı babalardan ibrat alıp, ómirde káramatlar jaratıwǵa shın kewilden umtılıwıńız kerek.
Óz tájiriybemnen kelip shıǵıp, sizlerge aytatuǵın másláhátim sol: Ilimdi qádirleń, ilimge

umtılıń!Bir sekund waqtıńız da biykar ótpesin! Jaslıq ¬ ómirdiń eń biybaha dáwiri. Ilim hám bilim ¬ otta janbaytuǵın, suwda batpaytuǵın, hesh kim sizden tartıp ala almaytuǵın baylıq ekenin hasla umıtpań!
Sizler ǵárezsizlik perzentlerisiz. Ata-babalarıńız kórgen tosqınlıq hám qıyınshılıqlardı kórmey, azat Watanda erkin nápes alıp, erjetip atırsız.
Joqarı maqsetler jolında siz ¬ jaslar sheshiwshi kúsh bolıwıńız kerek.
Men sizlerge júklengen mine usınday úlken juwapkershilikti, shın mánisindegi tariyxıy wazıypanı abıray menen atqaratuǵınıńızǵa bekkem isenemen.
Sizler zamanagóy ilim hám joqarı texnologiyalardı tolıq iyelewińiz ushın barlıq kúsh hám imkaniyatlardı iske qosıp atırmız.
Men aymaqlarǵa barǵanımda, sizlerdiń zamanlaslarıńız benen ushırasıp, olardı qıynap atırǵan aktual mashqalalardı úyreniwge óz aldına waqıt ajırataman.
Dúnyada globallasıw hám básekilik kem-kemnen kúsheyip baratırǵan búgingi jaǵdayda barlıq tarawlarda joqarı bilimli kadrlardı tayarlamasaq, rawajlanıwdan artta qalıp ketiwimiz múmkin.
Usı maqsette, bilimlendiriw sistemasında túpkilikli reformalardı ámelge asırıp atırmız.
Tarawda pútkilley jańa sistema ¬ Prezident hám dóretiwshilik mekteplerin, matematika, ximiya, biologiya pánleri boyınsha arnawlı mekteplerdi shólkemlestirip atırmız.
Jaslarımızǵa «IT» texnologiyalardı tereń úyretetuǵın bilimlendiriw orınlarınıń sanı kún sayın kóbeyip barmaqta.
Biz bul jumıslarımızdıń dáslepki jemislerin kóre basladıq. Sońǵı úsh jılda mámleketimiz jasları abıraylı xalıqaralıq tańlaw hám jarıslarda bes yarım mıń sıylı orınlardı qolǵa kirgizdi.
Tashkent qalasındaǵı Prezident mektebi oqıwshısı Firdavs Abduqayumov IELTS baǵdarlaması boyınsha joqarı ball toplap, AQShtıń Djon Keroll universitetinde tálim alıw ushın 96 mıń dollarlıq grant iyesine aylandı.
Firdavs balamdı, onıń ata-anası hám ustazların shın kewilden qutlıqlap, olarǵa saw-salamatlıq tileymen.
Firdavstıń izbasarı sıpatında, Tashkent qalasındaǵı Prezident mektebinen Temur Sulaymanov grant tiykarında, Namangandaǵı mektepten Miranshah Inamjanov hám Azimjan Alijanov jáne basqa kóplegen oqıwshılar abıraylı sırt el ilim dárgaylarına oqıwǵa kirgen hám olardıń sanı kún sayın artıp barmaqta. Biz bunday talantlı jaslarǵa óz waqtında hár tárepleme itibar qaratıp, qollap-quwatlasaq, olar úlken-úlken tabıslardı qolǵa kirgizedi, dep oylayman.
Sol sebepli, jaslarımızdıń abıraylı sırt el joqarı oqıw orınlarında bilim alıwı ushın hár tárepleme járdem beriwge ayrıqsha itibar qaratamız. Atap aytqanda, xalıqaralıq bilimlendiriw baǵdarlamaları boyınsha eń joqarı ball toplaǵan talantlı jaslarǵa imtixan tapsırıw qárejetleri tolıq qaplap beriledi.
Húrmetli ilaj qatnasıwshıları!
Búgin ulıwmaxalıqlıq háreketke aylanǵan bes áhmiyetli baslamanı ámelge asırıwda

jaslarımız belsene qatnasıp atırǵanı bizdi sheksiz quwandıradı.
Álbette, bul baǵdarda belgili bir nátiyjelerge erisken bolsaq ta, ele isleytuǵın jumıslarımız júdá kóp. Orınlardaǵı mádeniyat orayları, sport zalların ońlaw hám úskenelew, jańaların qurıw haqqında búgin tereń bas qatırıwımız kerek.
Usı múnásibet penen Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesine, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimliklerine bir ay múddette bes áhmiyetli baslamanı ámelge asırıw boyınsha qarar qabıl etiw tapsırıladı.
Bul qararlarda orınlardaǵı 459 mádeniyat orayında zamanagóy sharayatlar shólkemlestiriw, olardı ońlaw hám úskenelew názerde tutılıwı lazım.
Bul mashqalanı álbette sheshemiz. Lekin, meni máseleniń basqa tárepi kóbirek oylandıradı. Mádeniyat hám kórkem óner baǵdarında oqıwdı tamamlaǵan jaslarımızdıń kópshiligi paytaxtta qalıwdı abzal kórip atır. Bunday jaǵdayda úlken qárejetler esesine orınlarda qurılıp atırǵan mádeniyat hám aǵartıwshılıq oraylarında erteń kim isleydi? Awıllardaǵı jas talant iyelerin kim izlep tabadı, olardı kim tárbiyalaydı?
Usı múnásibet penen wálayat hákimleri hár bir rayon hám qaladan 5 ke shekem jaslardı mádeniyat hám kórkem óner joqarı oqıw orınlarında jergilikli byudjet esabınan oqıtadı. Keleshekte olardı óz aymaǵında turaq jay hám qánigeligi boyınsha jumıs penen támiyinlew ilajların kóredi.
Ministrler Kabineti Mádeniyat ministrligi, Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı, aymaq basshıları menen birgelikte bul másele boyınsha eki ay múddette óz aldına baǵdarlama islep shıǵadı.
Jáne bir mashqala ¬ orınlarda talantlı balalardıń kópshiligi óz qábiletin júzege shıǵarıw ushın tiyisli sharayatqa iye emes. Talantlı jaslardı anıqlaw, olardı qollap-quwatlaw boyınsha orınlardaǵı jumıslar talap dárejesinde emes.
Mısal ushın, qaysı aymaqtan qansha Zulfiyashı qızlar shıqtı? Neshewi «Nihol» sıylıǵınıń iyesi boldı? Qaysı jas shayır yaki jazıwshınıń kitabı baspadan shıǵarıldı? Qaysı jas talant respublika yaki xalıqaralıq tańlawlarda, sport jarısları hám pán olimpiadalarında jeńimpaz boldı?
Eger máselege tereńirek qaraytuǵın bolsaq, erteń mine usınday jaslar rayon yaki qalanıń «altın fondı»na aylanadı hám olar sol aymaqtıń abırayın kóteriwge xızmet etedi.
Sonıń ushın hár bir rayon hám qala hákimine 10-15 mine usınday talantlı jaslardı tańlap, olardı hár tárepleme tárbiyalaw hám turaqlı xoshametlew sistemasın jolǵa qoyıw wazıypası tapsırıladı.
Jáne bir áhmiyetli másele!
Xabarıńız bar, jaqında jańa bir tájiriybeni engizdik. Oǵan bola, áyne kúnlerde hákimler jıl juwmaǵı boyınsha óz aymaqlarında ámelge asırılǵan jumıslar, bar kemshilik hám mashqalalar hám de kelesi rejeleri haqqında jergilikli keńesler aldında esap berip atır.
Tilekke qarsı, jaslar tárbiyası, olardıń mashqalaları hám sheshimleri ele bul esabatlarda óz kórinisin tappay atır. Wálayatlar, rayon hám qala basshıları kelesi jıldaǵı is rejelerinde

bul áhmiyetli máselege tiykarǵı dárejede áhmiyet qaratıwı zárúr.
Keyingi jılda da orınlarda izleniwsheń jigit-qızlardı qollap-quwatlaw maqsetinde «Jaslar texnoparkleri» qurılısın dawam ettiremiz.
Bıyılǵı jılı jaslar arasında eń jaqsı ilimiy qollanbalar ushın ulıwma bahası 30 milliard sumnan artıq bolǵan «Jas alımlar» innovaciyalıq joybarlar tańlawı járiyalanǵan edi.
Innovaciyalıq rawajlanıw ministrligi, Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Xalıq bilimlendiriwi ministrligi 2021-jıldan baslap mektep oqıwshıları hám joqarı oqıw orınlarınıń studentleri arasında «Bolajaq alım» tańlawın shólkemlestirsin. Bul arqalı jaslardıń eń jaqsı innovaciyalıq jáne startap joybarlarına 50 milliard sum qarjı qaratılsın.
Bul jumıslardı dawam ettirgen halda, kelesi jılda 100 den zıyat qala hám rayonlarımızda «IT»dı tereń úyretetuǵın zamanagóy oqıw oraylarıń shólkemlestiremiz.
Usı maqsette, jańa jıldan Tashkent wálayatında Málimleme texnologiyaları universiteti filialı hám barlıq aymaqlarda bul baǵdarda texnikumlar óz jumısın baslaydı.
Sonday-aq, keyingi jıldan jaslarımızǵa xalıqaralıq «IT» sertifikatların alıw qárejetleriniń 50 procentine shekem bolǵan bólimi byudjetten qaplap beriledi.
Jaqın eki jılda «Bir million programmist» joybarı sheńberinde 300 mıń jaslar kompyuter programmalaw tiykarlarına biypul oqıtıladı.
Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleri menen birgelikte bir ay múddette usı joybar sheńberinde tarawǵa qızıǵatuǵın jaslardı anıqlaw, oqıtıw hám jumıs penen támiyinlewge qaratılǵan baǵdarlama islep shıqsın.
Bunnan tısqarı, orta mekteplerde hám joqarı bilimlendiriw mákemelerinde jaslardıń talantların tolıq júzege shıǵarıw ushın sistemalı jumıslardı jolǵa qoyıw lazım. Bunda jaslar jetekshileri birinshi gezekte ózleri intaker bolıwı kerek.
Jaslarımızdıń liderlik qábiletin kúsheytiw, olardıń belsendiligin arttırıw, hár tárepleme qollap-quwatlaw, aldınǵı is tájiriybelerin ǵalaba en jaydırıw ushın «Kamalak juldızları», «Jıldıń eń belsendi jaslar jetekshisi», «Jıl sárdarı» sıyaqlı tańlawlardı ótkeriw maqsetke muwapıq boladı, dep oylayman. Sonıń menen bir qatarda, joqarı oqıw orınları arasında Studentler festivalı, Intellektuallıq oyınlar hápteligi, «Jıl studenti» sıyaqlı tańlaw hám jarıslardı ótkeriw olardıń intellektuallıq potencialın hám shólkemlestiriwshilik qábiletin jáne de rawajlandırıwǵa xızmet etedi.
Usı múnásibet penen Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Xalıq bilimlendiriwi ministrligi, Jaslar isleri agentligi, Rektorlar Joqarı Keńesi, Respublikalıq Ruwxıy-aǵartıwshılıq orayı birgelikte 2021-jıldan baslap bul tańlawlardı shólkemlestiriw hám joqarı dárejede ótkeriw, jeńimpazlardı múnásip xoshametlew boyınsha ilajlar baǵdarlamasın tastıyıqlasın.
Áziz jaslar!
Sizlerge jáne bir áhmiyetli jańalıqtı aytıp ótpekshimen. Keyingi jıldan joqarı oqıw

orınlarına kiriw imtixanlarında eń joqarı ball toplaǵan 200 jas ushın Prezident grantı engiziledi. Eger ámeldegi Prezident stipendiyası tek bir oqıw jılı ushın mólsherlengen bolsa, bul grant student oqıwdı pitkergenge shekem, yaǵnıy, tórt jıl dawamında tólep barıladı.
Sonday-aq, kelesi oqıw jılınan baslap, respublikamızdaǵı sırt el joqarı oqıw orınlarınıń bakalavriat basqıshı studentleri ushın da Prezident hám mámleketlik stipendiyalar engiziledi. Sebebi, bunday bilimlendiriw orınlarında tálim alıp atırǵan jaslar da ózimizdiń perzentlerimiz. Olar da erteń elimizdiń rawajlanıwı ushın xızmet etedi. Solay eken, olarǵa búgin ǵamqorlıq etip, talantın xoshametlesek, bul da ádalattan boladı, dep oylayman.
Ilim jolın tańlaǵan talantlı jaslarımızdı qollap-quwatlaw maqsetinde, keyingi jıldan baslap magistratura hám doktorantura basqıshları ushın Prezident stipendiyasi kvotasın eki esege arttıramız.
Isenimim kámil, álbette, bunday imkaniyat hám jeńilliklerge, aldı menen, jańa Renessans tırnaǵınıń haqıyqıy jaratıwshıları ılayıq boladı.
Jáne bir áhmiyetli másele. Elimizde bir neshe perzenti joqarı oqıw orınlarında bilim alıp atırǵan ata-analardıń kópshiligi, ashıǵın aytqanda, oqıw qárejetlerin qaplawda qıynaladı. Sonıń ushın eki hám onnan artıq perzenti joqarı oqıw ornında shártnama tiykarında oqıp atırǵan shańaraqlarǵa jeńillikli tálim kreditin beriw tártibi islep shıǵıladı. Bunda kreditti oqıw dáwiri juwmaqlanıp, jaslarımız jumısqa ornalasqannan soń qaytarıw názerde tutıladı. Qarjı ministrligi kommerciyalıq banklerge usı arzan kreditler ushın maqsetli resurslar ajıratılıwın támiyinlesin.
Húrmetli keleshegimiz miyrasxorları!
Xabarıńız bar, kelesi jılı ullı babamız Áliysher Nawayınıń tuwılǵanınıń 580 jıllıǵın sizler menen keńnen belgileymiz.
Jaslarımızǵa házireti Nawayı dóretiwshiligin tereń úyretiwdi sistemalı jolǵa qoyıw ayrıqsha áhmiyetke iye. Áliysher Nawayı shıǵarmalarınıń búgingi jaslar túsinetuǵın ıqsham úlgilerin jaratıp, túrli mobil qosımsha hám elektron baǵdarlamalar islep shıǵıw kerek. Bul máselege Málimleme texnologiyaları hám kommunikaciyaların rawajlandırıw ministrligi jáne Áliysher Nawayı atındaǵı Tashkent mámleketlik ózbek tili hám ádebiyatı universiteti basshıları juwapker etip belgilenedi.
Sonıń menen bir waqıtta, kelesi jılı biz ataqlı shayır hám jazıwshılarımız Abdulla Aripov, Ótkir Hashimov, ullı kórkem óner sheberi Batır Zakirovtıń yubiley sánelerin de keńnen belgileymiz.
Bul baǵdarda belgilengen ilajlardı xalqımız, bárinen burın, jaslarımızdıń yadında jarqın iz qaldıratuǵın dárejede, haqıyqıy ádebiyat hám kórkem óner bayramları sıpatında ótkeriwimiz kerek. Usı maqsette, «Abdulla Aripov izbasarları», «Ótkir Hashimov shıǵarmaları bilimdanı», «Batır Zakirov óneri dawamshıları» tańlawlarınıń rayonlıq, qalalıq, wálayatlıq hám respublikalıq basqıshların shólkemlestirip, jeńimpazlardı múnásip sıylıqlaw zárúr.

Mádeniyat ministrligi, Jazıwshılar awqamı, Kórkem óner akademiyası, jergilikli hákimlikler bul ilajlardı joqarı dárejede ótkeriw ilajların kóriwi lazım.
Húrmetli doslar!
Jáhán tariyxı sonnan derek beredi, hár qanday jańa civilizaciya, jańa Oyanıw dáwiri kitap hám kitapxanalardan baslanadı. Biz de jańa Renessanstıń tuńǵısh qádemi sıpatında Tashkent qalasında zamanagóy, sawlatlı kitapxana qursaq, ne deysiz?
Bul aǵartıwshılıq sarayı ilimniń sońǵı jetiskenlikleri tiykarında úskenelenedi. Bul dárgayda elimiz hám dúnyadaǵı eń siyrek ushırasatuǵın hám biybaha shıǵarmalar jámlenedi. Ol ullı babalarımızdıń bay miyrası hám atların pútkil dúnyaǵa taratatuǵın, barlıq jurtlaslarımız, birinshi gezekte, siz, qádirli perzentlerimiz ushın haqıyqıy ziya máskanına, maqtanıshımız nıshanına aylanadı, dep isenemen.
Áziz jaslar!
Mine, jaqında mámleketimizdiń sport turmısında quwanıshlı jańalıq boldı. Aziya Olimpiada Keńesiniń qararına bola, 2025-jılı Jaslar arasındaǵı Aziya oyınları Tashkent qalasında ótkeriliwi belgilendi.
Bul jarısta Aziya kontinentindegi 45 mámlekettiń jasları 20 ǵa jaqın sport túri boyınsha óz-ara bellesedi. Bunday abıraylı xalıqaralıq sport oyınlarınıń Ózbekstanda birinshi márte ótkeriliwi bárshemizge maqtanısh baǵıshlaydı, álbette. Sonıń menen birge, ol bizge oǵada úlken juwapkershilik te júkleydi. Mine, sizler sıyaqlı náwqıran hám azamat jaslardıń óz kúsh hám sheberligin kórsetip, Watanımız bayraǵın joqarıǵa kóteriwi ushın jáne bir zor imkaniyat!
Usı múnásibet penen bul sport bayramın joqarı dárejede ótkeriw hám oǵan talantlı jaslarımızdı tayarlawǵa házirden-aq kirisiwimiz lazım. Usı maqsette, Aziya oyınları baǵdarlamasına kirgizilgen sport túrleri boyınsha rayon, qala, wálayat hám respublika chempionatları, «Hákim kubogi» jarısların shólkemlestiriw kerek.
Ministrler Kabineti bul másele boyınsha tiyisli qarar joybarın eki ay múddette tayarlap kirgizsin.
Elimizde jas áwladtıń fizikalıq hám mánawiy jetik bolıp ósiwi, atap aytqanda, olardıń bos waqtın mazmunlı shólkemlestiriw, ǵalabalıq sportqa keńnen tartıw maqsetinde «Salamat turmıs tárizi» elektron platforması islep shıǵılmaqta. Aymaqlarda piyada hám velosipedte júriwge mólsherlengen «Salamatlıq trotuarları» qurılmaqta.
Keyingi jıllarda máhállelerde shólkemlestirilgen sport maydanshaları jaslardıń súyikli ornına aylandı. Bul jumıslardı jáne de rawajlandıramız. Áyne payıtta, mektep sport zallarınan sabaqtan tıs waqıtlarda da ónimli paydalanıw ilajları kóriledi.
Bunnan tısqarı, 2021-jıldan baslap jaslar arasında hár jılı «Fizikalıq tayarlıq dárejesi» sport sınaqların ótkeriw sisteması jolǵa qoyıladı. Usı sınaq talapların orınlaǵanlarǵa sport razryadları beriledi, múddetli áskeriy xızmetke barıw hám «Temurbekler mektebi»ne kiriwde jeńillikler engiziledi.
Eń áhmiyetlisi, mine usınday sınawlarda jetilisip, erk-ıqrarı shınıqqan perzentlerimiz

fizikalıq hám mánawiy jaqtan bárkamal insanlar bolıp erjetedi.
Bir payıtları «Vatanparvar» shólkemi jaslarǵa tek áskeriy tarawda emes, al, úlken turmısta da zárúr bolatuǵın jarıs hám sport oyınların shólkemlestirer edi, olardı texnikalıq kásiplerge úyreter edi. Sonlıqtan, jigit-qızlarımız arasında oǵan qızıǵıw joqarı edi. Tilekke qarsı, keyingi payıtlarda onıń jumısı tómenlep ketti. Shólkemniń burınǵı abırayın tiklewimiz zárúr.
Qala hám rayon hákimleri, sektor basshılarına, hár bir aymaq hám taraw kesiminde «Vatanparvar» shólkemi bazasında jaslardı miynet bazarında talap joqarı bolǵan kásiplerge oqıtıw wazıypası tapsırıladı.
Áziz perzentlerim!
Jaslar tárbiyası haqqında gáp ketkende, jáne bir áhmiyetli máselege itibar qaratıwıńızdı qáler edim. Men bul jerde jaslar mánawiyatı menen baylanıslı ayırım mashqalalardı názerde tutıp atırman.
Ózińiz gúwasız, jáhánniń kóplegen regionlarında ele keskin jaǵday saqlanıp qalmaqta. Túrli jánjel hám qarama-qarsılıqlar háwij almaqta.
Házir pútkil dúnyada terrorizm, ekstremizm hám basqa da qáwipler Internet mákanına kirip, beyimlesip alǵan. Sonıń ushın olarǵa qarsı gúresiw ańsat bolmay atır.
Tilekke qarsı, ayırım jaslarımızda Internetten durıs paydalanıw kónlikpesi hám mádeniyatı jeterli emes. Ayırım jigit-qızlar Internetti málimleme, bilim hám aǵartıwshılıq deregi dep emes, al, tek kewilashar qural dep biledi.
Mine usınday ideologiyalıq gúres sharayatında jaslarımız sezgir hám sergek bolıwı, hár bir máselede eń dáslep Watan mápin oylap is tutıwı zárúr.
Ilim-máripat hám kásip-ónerge umtılıw, shańaraqtı muqaddes biliw, mánawiy páklik, úlkenlerge húrmet, kishilerge ǵamqorlıq, iygilikli qádiriyatlarǵa sadıqlıq sıyaqlı pazıyletler ázelden xalqımız hám milletimizdiń qanında bolıp kelgen. Biz mine usınday biybaha miyrasımızdı tek saqlap ǵana qoymay, al, onı jáne de bayıtıwımız, keleshek áwladlarǵa zıyansız jetkeriwimiz kerek.
Usı jerde, men húrmetli ata-analar, babalarımız hám mamalarımızdı, jankúyer ustazlardı, húrmetli ziyalılarımız, keń jámiyetshiligimizdi bul máselege biyparq bolmastan, jaslar tárbiyasına qaratılǵan jumıslarımızdı jáne de kúsheytiwge shaqıraman.
Qanshelli qıyın bolmasın, biz jaslar tárbiyası boyınsha ózimizge say hám tásirsheń, búgingi kúnge sáykes usıllardı izlep tabıwımız kerek. Jannan áziz perzentlerimizdi buzǵınshı hám zıyanlı ideyalar, jınayatshılıq, giyabentlik, biypárwalıq, mánawiy jarlılıq, tutınıwshılıq keypiyatınan saqlawımız zárúr. Bunday unamsız jaǵdaylardı saplastırıwda bárshemiz, eń dáslep, siz, áziz jaslar belsendi bolıwıńız kerek.
Xalqımızdıń mánawiy qúdireti hám máńgi qádiriyatların qásterlep-saqlaw hám pútkil dúnyaǵa taratıwǵa sizler, álbette uqıplısız.
Qádirli jas doslarım!
Mámleketimizde jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasattı tolıq júzege shıǵarıw ushın

bunnan keyin de barlıq resurs hám imkaniyatlardı keńnen mobilizaciyalaymız. Biz ushın bul boyınsha mayda máseleniń ózi joq. Sizlerdiń kelesheginiz benen baylanıslı hár qanday wazıypa ¬ birlemshi áhmiyetke iye.
Jaslar menen islesiw Prezidentten baslap ministrge shekem, hákimnen baslap máhálle baslıǵına shekem ¬ hámmemizdiń eń tiykarǵı jumısımızǵa aylanıwı zárúr.
Bunnan bılay barlıq dárejedegi basshılardıń jumısına jaslar menen islesiw, olardıń mashqalaların saplastırıw boyınsha ámelge asırǵan jumıslarına qarap baha beriledi.
Pursattan paydalanıp, jáne bir márte tákirarlayman. Jaslar tárbiyası menen, olardıń mashqalaların sheshiw menen búgin shuǵıllanbasaq, erteń kesh boladı. Bul, bárinen burın, jas áwladımızǵa qıyanet boladı.
Hár bir hákim, hár bir ministr, hár bir máhálle baslıǵı: «Búgin men jaslar ushın qanday jumıs isledim? Erteń jaslar mápi ushın jáne nelerdi islewim kerek?» degen sorawlarǵa juwap beretuǵın, usınday isenim menen jasaytuǵın waqıt keldi. Jas áwladımızdıń turmısın jaqsılaw, olardıń arzıw-niyetlerin júzege shıǵarıw haqqında bas qatırmaytuǵın, bul máselege biypárwa bolǵan basshılardıń biz benen iyinles hám záńgiles bolıwǵa haqısı joq.
Áziz perzentlerim!
Xalqımız, Watanımız sizlerden ullı isler kútip atırǵanın hesh qashan yadıńızdan shıǵarmań!
Eldiń joqarı isenimi hám úmitin tolıq aqlaw, oǵan múnásip bolıw ¬ dúnyadaǵı eń ullı baxıt. Usınday mártebe, bársheńizge nesip etsin!
Pursattan paydalanıp, Jańa jılda sizlerge densawlıq, úlken tabıs hám jetiskenlikler tileymen.
Hámiyshe saw-salamat bolıń, áziz balalarım!